



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISTRIBISYON 6.7 MILYON DOLA NAN SOULAJMAN COVID-19 BAY ENDISTRI LAPÈCH MARITIM NEW YORK

Rekonpans Lwa CARES la bay peman dirèk pou endistri lapèch komèsyal maritim ak pou lokasyon ke pèt biznis ki gen rapò ak pandemi an te afekte

Gen 5.7 milyon dola adisyonèl ki te anonse pou yon dezyèm tou soulajman

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 6.7 milyon dola nan èd soulajman ap kòmanse distribye jodi a bay endistri lapèch fwidmè, komèsyal maritim ak pou lokasyon apre pèt eksef biznis yo akòz pandemi COVID-19 la. Eta New York pral distribye 5.7 milyon dola adisyonèl nan mwa k ap vini yo, pou yon total 12.4 milyon dola, atravè Pwogram Sekou pou Lapèch Maritim (Marine Fisheries Relief Program), ki administre finansman federal ke Lwa sou Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief and Economic Security, CARES) la bay.

"Depi nan mache fwidmè yo rive nan pechè komèsyal yo ak kapitèn bato yo, endistri lapèch maritim New York yo te sibi gwo pèt pandan pandemi an epi kontinye andire enpak depi lontan jiska jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rekonpans sa yo pral pote soulajman ki nesèsè pou yon endistri ki te ajiste radikalman pou kenbe distribisyon fwidmè ki sekirite ak vyab nan New York pandan y ap kontinye sipòte biznis lokal yo ak kenbe djòb yo nan kominote kotyè yo."

[Pwogram Sekou pou Lapèch Maritim](#) Eta New York la ede endistri lapèch maritim yo epi bay sipò ki enpòtan pou rekiperasyon ekonomik apre COVID-19 la. Kandida yo ki kalifye nan Eta New York ki soti nan biznis lapèch fwidmè, lapèch komèsyal ak rekreyatif maritim pou lokasyon te resevwa soulajman sou baz pèt ekonomik yo te sibi nan ane 2020 konpare ak senk ane anvan yo. Se Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik Nasyonal Lapèch (National Oceanic and Atmospheric Administration Fisheries, NOAA Fisheries) ki te detèmine repatisyon eta a sou baz revni anyèl mwayèn total ki soti nan biznis ki gen rapò ak lapèch nan New York. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York te travay an kolaborasyon avèk NOAA Fisheries ak Komisyon Lapèch Maritim Eta Atlantik yo (Atlantic States Marine Fisheries Commission, ASMFC) pou resevwa apwobasyon pou yon [Plan Depans Pwogram Sekou pou Lapèch New York](#) la ki etabli kad pou detèmine kalifikasyon epi distribye finansman sa a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la, Basil Seggos te deklare,

"Endistri lapèch maritim ak fwidmè New York yo pa sèlman vital pou sante ekonomik eta a, yo se yon gwo resous ak katalizè pou touris, lwazi ak opòtinite maritim. DEC rete inebranlab nan angajman nou pou sipòte endistri sa yo epi èd soulajman sa a se apèn youn nan anpil etap nou gen pou franchi nan efò nou pou retounen pi djanm ke jamè nan rekiperasyon nou apre COVID-19 la".

Nan novanm 2020, [Gouvènè Cuomo te anonse disponibilite finansman](#) epi DEC te resevwa apeprè 300 aplikasyon nan men moun ak biznis New York yo pandan peryòd aplikasyon 1ye desanm rive 31 desanm 2020. Plis pase mwaye aplikasyon nou te resevwa te soti kote pechè komèsyal yo ki te sibi pèt jiska plizyè santèn milye dola. Biznis ekspedisyon fwidmè yo ak endistri akwakilti a reprezante yon pòsyon ki pi piti nan aplikasyon yo, men nan kèk sikonstans, pèt yo a te depase plizyè milyon dola. Anplis de sa, endistri lapèch pou lokasyon New York la te sibi gwo pèt ekonomik ki soti nan plizyè milye rive nan plizyè santèn milye dola.

Benefisyè rekonpans yo pral resevwa yon lèt ki gen ladan yon chèk atravè kourye nan adrès ki sou aplikasyon yo a.

NOAA Fisheries te anonse dènyèman 255 milyon dola adisyonèl finansman pou èd nan lapèch ke Lwa sou Kredi Konsolide (Consolidated Appropriations Act) 2021 an founi. New York pral resevwa 5.7 milyon dola pou sipòte aktivite ki te jwenn otorizasyon anvan nan kad Lwa CARES la, ansanm ak finansman adisyonèl pou bay soulajman pou Lapèch nan Great Lakes. DEC pral travay nan kolaborasyon avèk NOAA Fisheries ak ASMFC pou elabore yon dezyèm Plan Depans New York nan pwochen 90 jou yo ki etabli estrikti pou detèmine kalifikasyon ak distribisyon finansman adisyonèl sa a.

Pwogram Sekou pou Lapèch Maritim New York la ak Plan Depans lan te elabore an konsiltasyon avèk yon gwoup konsiltatif ki gen ladan plizyè pati entereze nan endistri lapèch New York. Eta a rekonèt ak aplodi kontribisyon presye ak revizyon esansyèl gwoup konsiltatif la te bay pou kapab aplike yon pwogram konplè pou asire endistri fwidmè ak lapèch divèsifye New York la resevwa sipò finansye ki san patipri ak ekitab. Manm yo nan gwoup konsiltatif la se:

- Robert Danielson, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Pati Entereze nan Lapèch Rekreyatif;
- Melissa Dearborn, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Reprezantan Endistri Komès Maritim;
- Neil Delanoy, Reprezantan Endistri Lapèch pou Lokasyon;
- Anthony DiLernia, Reprezantan New York pou Konsèy Jesyon Lapèch Mid-Atlantic (Mid-Atlantic Fishery Management Council) ak Reprezantan Endistri Lapèch Lokasyon;
- Daniel Farnham, Jr., Reprezantan Endistri Lapèch Komèsyal;
- Emerson Hasbrouck, Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) Konte Suffolk;

- Thomas Jordan, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Repezantan Endistri Lapèch Komèsyal;
- Paul McCormick, Repezantan Endistri Akwakilti;
- Christopher Quartuccio, Repezantan Endistri Akwakilti;
- Gregg Rivera, Ekstansyon Koperativ Cornell Konte Suffolk; epi
- August Ruckdeschel, Depatman Devlopman Ekonomik ak Planifikasyon Konte Suffolk.

Resous maritim New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, nan sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch ak lòt endistri ankò. Efò New York pou garanti ak distribye finansman sa a pou endistri lapèch la se jis youn nan plizyè etap Gouvènè Cuomo te pran pou ede endistri sa yo, amelyore abita maren enpòtan ak sipòte lapèch. New York kontinye defye kota ilegal ak enjis ki repati bay Eta a nan lapèch komèsyal pwason flè nan [pouswiv yon pwosè](#) kont Depatman Komès Etazini (U.S. Commerce Department).

Eta a ap antame katriyèm ane ekspansyon istorik resif atifisyèl yo sou rivaj Long Island lan tou pou ankouraje endistri rekreyatif, ak lapèch espòtif ak endistri plonje New York yo. Konbine avèk pi gran akò ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an, envestisman rekò sou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) la ak Lwa sou Enfrastruktir Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), yon entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, adopsyon 'pwojè lwa 'Bunker' a pou entèdi yo pran menaden avèk itilizasyon filè ak senn pou pwoteje espès fondamantal sa yo, pwogrè kontinyèl Inisyativ Restorasyon Fwidmè Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan, ak lòt pwogram pou pwoteje ak amelyore kalite dlo, efò Gouvènè a yo ap reyalize yon anviwònman maritim pi pwòp ak pi bon pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)